


# AVANTAJ LÈ OU GENYEN ASIRANS





Yon siklòn vyolan; aksidan machin; wobinè ki koule; bezwen swen sante ke ou pat atann – chak sitiyasyon sa yo ka gen yon enpak finansye ak fizik devastè sou ou menm ak fanmi ou epi asirans lan ka jwe yon wòl enpòtan nan ede ou reprann ou.

Sepandan, asirans lan souvan konsidere kòm yon bagay ki pa obligatwa epi ke yo pa konsidere kòm yon nesesite.

Asirans lan gen anpil avantaj ki ka ede kenbe estabilite finansye fanmi ou lè li fè fas ak sitiyasyon sanzatann yo.

#### Asirans lan ka ede

- diminye oswa elimine depans pou swen sante
- bay pwoteksyon pou finans ak pwopriyete
- ofri yon fòm sekirite finansye

Etandone wòl enpòtan asirans lan, li enpòtan ke ou konprann kijan asirans kapab yon resous finansye lè genyen evènman ke ou pa atann epi ki devastatè.



EGZAMINEN SENARYO SA YO POU PI BYEN KONPRANN AVANTAJ AK ENPÒTANS KI GENYEN NAN GEN ASIRANS.

# ASIRANS PWOPRIYETÈ KAY



## SENARYO

Yon zeklè frape yon pyebwa pandan yon loraj epi pyebwa a tonbe sou kay ou epi li andomaje do kay ou. Yon konpayi ki konn pwoteje kay di ke li pral koute \$ 9,500 pou fè reparasyon pou do kay ou a.


## ASIRANS PWOPRIYETÈ KAY LA BAY PWOTEKSYON FINANSYE EPI LI EDE PEYE POU REPARASYON KAY OU A.

Imajine ou gen pou peye tout kòb la pou reparasyon yon do kay. Sa kapab genyen yon gwo enpak sou finans ou. Sepandan, avèk asirans pwopriyetè kay la, kèk nan depans yo garanti. Ou responsab pou yon montan espesifik anvan asirans lan pral garanti peman reparasyon yo. Montan sa a rele **franchiz**.

Si tanpèt la te yon siklòn ke yo te bay yon non, franchiz ou a ka diferan, ki rele **franchiz siklòn**.

Ajan asirans ou an pral dekri divès kalite pwoteksyon ki disponib ak franchiz w ap gen pou peye yo.

Nan senaryo sa a, imajine ke franchiz sou asirans pwopriyetè kay ou a se \$ 1,000. Sa vle di, pou domaj nan do kay ou a ke tanpèt la lakoz, franchiz ou a se \$ 1,000 epi ou pral bay li ak moun k ap gen pou li fè reparasyon yo; asirans pwopriyetè kay ou a ap garanti montan ki rete a, sa vle di \$ 8,500, pou yon total \$ 9,500.



# ASIRANS KONT INONDASYON

## SENARYO

Yon gwo tanpèt frape zòn ou an epi gwo lapli ki lakòz inondasyon nan katye ou a. Zòn nan tèlman inonde ke dlo a kòmanse pase anba pòt kay ou a ak nan mi yo pou li anvayi kay ou a.



Inondasyon ka lakòz gwo domaj nan pwopriyete w la, gen kèk nan yo y ap kapab wè se lè moun oswa konpani an kòmanse fè reparasyon yo. Selon Ajans Federal Jesyon Ijans (Federal Emergency Management Agency) (FEMA), yon sèl pous dlo ka lakòz \$ 25,000 domaj nan yon kay; 18 pous oswa plis ta ka mande pou fè reparasyon nan sistèm elektrik la, sistèm chofaj

/ refwadisman, pòt yo, aparèy yo, ak mèb yo. Imajine si ou menm pèsònèlman te genyen pou peye kantite kòb pou fè reparasyon pou planche an bwa ou yo ak mi yo ki andomaje akòz de yon inondasyon. Bon nouvèl - asirans kont inondasyon ka bay yon asistans finansye pou repare kay ou. Ou kapab panse ke asirans pwopriyete kay yo garanti

domaj inondasyon an lakoz yo; sepandan, pifò kontra asirans pwopriyete kay yo **PA GARANTI** domaj ke inondasyon yo lakoz. Pou pwoteksyon kont inondasyon, ou dwe achte yon polis asirans kont inondasyon. Konpayi asirans pwopriyete kay ou a ka ofri yon asirans kont inondasyon, oswa ou ka tcheke avèk yon konpayi asirans prive, Pwogram Nasyonal Asirans kont Inondasyon (National Flood Insurance Program, NFIP) oswa ajan asirans ou an pou konnen opsyon pwoteksyon yo. Tanpri sonje, tou depann de zòn inondasyon ou an, epi, si ou peye yon ipotèk, kote ki prete ou kòb la ka mande pou ou genyen yon asirans kont inondasyon.

# ASIRANS POU LOKATÈ YO

## SENARYO

Gen yon dife ki pran nan apatman ou an, epi kèk nan rad ou ak mèb yo te andomaje nan dife a ak lafimen an.



Lè ou se lokatè, asirans mèt kay ou a pa garanti byen pèsònèl ou yo. Asirans lokatè a ka ede ou finansyèman garanti depans pou ranplase rad ak mèb yo. Si ou pa t gen asirans lokatè, ou ap responsab pou ranplase oswa repare byen ou yo ki andomaje yo. Asirans lokatè a pa chè ditou epi li ka ofri gwo pwoteksyon si ta genyen domaj.

# ASIRANS OTOMOBIL

## SENARYO

W ap kondwi machin pèsònèl ou epi wap apwoche yon limyè sikilasyon. Ou kòmanse ralanti, men ou frape aksidantèlman machin ki devan ou an ki te deja kanpe.

Asirans otomobil pèsònèl ou a ta ka ede ou kouvri finansyèman depans ki asosye ak aksidan an. Nan senaryo sa a, san asirans, ou ta ka responsab pou depans pou reparasyon toude machin yo, machin ou frape a ansanm ak machin paw la. Si gen lòt byen ki andomaje, ou ka oblije peye pou reparasyon sa yo tou. Yo ta kapab pouswiv ou an jistis pou tout blesi yon moun ta genyen nan aksidan sa. Lè ou genyen asirans otomobil la, sa pèmèt ou ranwaye yon pati oswa tout depans sa yo ki asosye yo epi benefisye de yon reprezantasyon jiridik si ta genyen yon aksyon an jistis.



**Florid mande pou tout moun ki posede yon otomobil pèsònèl pou yo achte epi kenbe kalite espesifik pwoteksyon asirans otomobil:**

- yon minimòm \$ 10,000 pou Pwoteksyon pou Chòk Kòporèl
- yon minimòm de \$ 10,000 pou Pwoteksyon Responsabilite Sivill Pou Domaj Materyèl yo

### PWOTEKSYON POU CHÒK KÒPORÈL

Pwoteksyon pou blesi kòporèl souvan rele “no fault” epi yo pral aplike li si ou menm oswa pasaje ou a (yo) blese kèlkeswa ki moun ki te lakòz aksidan otomobil la.

### RESPONSABILITE SIVIL POU DOMAJ MATERYÈL

Pwoteksyon responsabilite sivil pou domaj materyèl la peye pou reparasyon oswa ranplasman machin chofè oswa domaj pwopriyete yon lòt moun ou te lakòz oswa yon lòt moun ki t ap kondwi machin ou an te lakòz.

Gen kèk konpayi asirans ki ofri, pou yon prim anplis, pwolonje limit yo oswa mete limit yo pi wo pou Pwoteksyon pou Chòk Kòporèl ak Pwoteksyon Responsabilite Sivill pou Domaj Materyèl.

## LÒT KALITE PWOTEKSYON OTOMOBIL KI KA ITIL OU SE:

RESPONSABILITE  
SIVIL POU DOMAJ  
KÒPORÈL (BODILY  
INJURY, BI)

**Pwoteksyon pou Responsabilite Sivile pou Domaj Kòporèl** peye depans ki gen rapò ak aksidan an oswa lanmò yon lòt chofè, pasaje, oswa pyeton lè se ou ki antò oswa lè se yon lòt moun k ap kondwi machin ou an ki antò.

KOLIZYON

**Pwoteksyon pou kolizyon** peye depans pou repara oswa ranplase machin ki andonmaje nan yon aksidan an kèlkeswa moun ki antò a. Si machin ou an finanse, souvan pifò moun ki gen dwa pou li yo ap mande pou ou achte pwoteksyon pou kolizyon, otreman, kouvèti pou kolizyon an pa obligatwa.

KONPLÈ

**Pwoteksyon konplè a** ka nan lis la sou non "Lòt" olye pwoteksyon pou Kolizyon sou kontra w la. Pwoteksyon konplè a peye depans pou repara oswa ranplase machin ou an si yo vòlè li oswa si dife, dechoukay, si objè tonbe sou li, inondasyon, van tanpèt, oswa si enpak ak yon bèt andonmaje l. Pwoteksyon konplè a kouvri tou reparasyon vit devan machin lan. Si machin ou an finanse, souvan pifò moun ki gen dwa pou privilèj yo ap mande pou ou achte kouvèti konplè, otreman, kouvèti konplè a pa obligatwa.

PÈMAN MEDIKAL  
(MED PAY)

**Kouvèti pou Pèman Medikal yo (Med Pay)** peye yon pòsyon nan depans medikal ak depans pou finerey, aprè blesi yon aksidan machin ke Kontra Pwoteksyon pou Chòk Kòporèl ou a pa garanti.

LOKASYON  
MACHIN

**Pwoteksyon asirans pou Lokasyon Machin** Lokasyon peye pou depans yon machin lokasyon pandan y ap repara machin ou an si machin ou an sibi domaj ki garanti anba pwoteksyon asirans konplè w la oswa pwoteksyon pou kolizyon an. Anjeneral, gen yon limit espesifik ak tan ki defini pou pwoteksyon sa a. Pa egzanp, kèk konpayi asirans enpoze yon limit pou chak jou sou pri machin lokasyon ou an epi yo ka peye pandan 30 jou.

REMOKAJ/  
MENDÈV

**Kouvèti pour remokaj/Mendèv** bay sèvis ijans bò wout lè genyen yon pàn oswa yon pwoblèm mekanik nan machin ou an. Anjeneral, yo trete Remokaj ak Mendèv la sou yon baz ranbousman. Anjeneral, gen yon limit espesifik sou pwoteksyon asirans sa a.

CHOFÈ KI PA GEN  
ASIRANS/KI  
SOU-ASIRE  
(UM/UIM)

**Pwoteksyon pou Chofè ki pa Gen Asirans/ki Sou-Asire (UM/UIM)** pwoteje ou si ou viktim de yon aksidan epi lòt chofè a antò epi li pa gen asirans pou responsabilite sivil pou domaj kòporèl (pa asire) oswa li pa gen ase asirans (sou-asire). Pwoteksyon sa a pa aplike pou domaj ki rive machin nan.

**Kontakte ajan asirans ou an pou plis enfòmasyon sou pri ak disponibilite yon pwoteksyon asirans otomobil pèsònèl ki pi elve.**

# ASIRANS SANTE



## SENARYO

Ou fè yon aksidan epi yo kouri avè w nan sal dijans la. Apre tès ak skanè, doktè a admèt ou nan lopital la pou plizyè jou. Vizit sanzatann nan sal dijans lan ak tan ou fè rete nan lopital la se pa yon bagay ou te prevwa epi ou pa te planifye finansyèman pou depans medikal ki asosye yo.

Asirans sante ede garanti depans finansye yo pou swen sante pandan wap kontribiye nan peye depans pou vizit nan sal dijans ak pou tan ou pase lopital la, toude bagay sa yo ka lakoz ou fè gwo depans si ou pa gen asirans.

## KOPEMAN

Tou depan de pwoteksyon asirans ou an, ou ka responsab pou yon pòsyon nan sèvis yo jan sa endike nan kontra asirans ou an; yo rele sa **kopèman (copay)**, ki se souvan yon frè fiks tankou \$ 100 pou yon vizit nan sal dijans la.

## FRANCHIZ

Ou ka oblije genyen pou peye yon sèten kantite lajan anvan asirans lan peye pou sèvis yo; yo rele sa **franchiz (dediktib)**.

Anplwayè yo souvan ofri asirans sante, men yo ka jwenn li tou nan ajan asirans ak nan Marketplace Lwa sou Swen Abòdab la (Affordable Care Act Marketplace). Lè w ap chwazi yon plan asirans sante, asire w ke ou verifye ki depans w ap gen pou responsab epi verifye pou wè si founisè medikal ou yo sou lis rezo a, sa ki ap garanti ke asirans sante ou ap peye pou sèvis yo

Fè ajan asirans ou konnen ki sèvis ou anjeneral resevwa ak founisè ou konn wè yo. Ajan ou an pral ede nan detèmine konpayi ak pwoteksyon ki pi bon pou ou a.



## SENARYO

Yon moun ki chè pou ou, ki moun ki te yon pati entegral nan lavi ou ak fanmi epi ki te konn kontribye finansyèman nan kay ou, arive mouri.

Pèdi yon moun ki chè pou ou kapab yon bagay ki devaste ou emosyonèlman epi finansyèman. Pandan ke sipò nan men zanmi ak fanmi ka ede w fè fas ak pèt sa emosyonèlman, asirans lavi a ka ede ou finansyèman.

Lè yon moun achte asirans lavi, li kontribiye pou asire yon sekirite finansye pou benefisyè li yo, sa vle di moun ki resevwa avantaj finansye yo. Lajan yo ka sèvi pou ede peye pou aranjman fineray yo, peye dèt, epi ede garanti depans pandan w ap adaptew nan lavi a san moun sa ki te chè pou ou a.

Pale ak ajan asirans ou an sou finans ou ak kantite lajan pwoteksyon ki nesèsè pou konplete revni sa a si yon moun ki chè pou ou ta rive mouri.



# LÒT KALITE ASIRANS




## RANT

Yon rant peye ou yon revni sou yon baz regilye pandan yon peryòd de tan oswa nan yon dat alavni.



## ASIRANS SWEN ALONTÈM

Asirans Swen Alontèm ede moun ki gen maladi kwonik, ki bezwen asistans pou aktivite yap fè chak jou epi bay pwoteksyon finansye pou depans swen enfimyè nan yon etablisman.



## SIPLEMAN MEDICARE

Asirans Konplemantè Medicare se yon polis asirans sante prive ki fèt pou konplete Original Medicare la.



## KOSYON

Yon Kosyon se yon garanti finansye ke yon akize ki enplike nan yon aksyon an jistis ap gen pou parèt nan tout pwosedi penal yo an echanj de liberasyon akize a de detansyon li nan tribinal la.




## ASIRANS BYEN KOMÈSYAL YO

Asirans Byen Komèsyal pwoteje enterè finansye batiman komèsyal yo ansanm ak sa ki ladan li yo kont pèt.



## ASIRANS TIT

Asirans Tit la pwoteje yon moun ki achte kay la kont pèt oswa domaj akòz pwoblèm ke yo pa dekouvri konsènan tit yon kay / pwopriyete, tankou egzistan yon privilèj sou kay la anvan yo te achte li.




## GARANTI ABITASYON

Yon Garanti Abitasyon garanti kèk nan depans pou reparasyon oswa ranplasman, oswa asire reparasyon oswa ranplasman yon pati nan sa ki nan kay ou a oswa aparèy yo.



## GARANTI REPARASYON

Yon Garanti Reparasyon bay pwoteksyon finansye kont depans pou reparasyon, ranplasman oswa antretyen yon pwodwi ki garanti pa yon asirans.



## KONTRA ANTRETYEN VEYIKIL KI GEN MOTÈ

Yon kontra Sèvis pou Veyikil ki gen Motè bay pwoteksyon pou si ta gen yon pwoblèm nan yon pyès mekanik oswa yon lòt pwoblèm sou yon veyikil ki gen motè.



## POU PLIS ENFÒMASYON

Si w gen nenpòt kesyon sou pwoteksyon asirans, konsilte avèk ajan asirans ou an, konpayi asirans, oswa Sèvis Asistans Telefonik ki gratis Depatman Sèvis Finansye yo nan **1.877.693.5236**.

[www.MyFloridaCFO.com/Division/ICA](http://www.MyFloridaCFO.com/Division/ICA)



YourFLVoice@MyFloridaCFO.com

  @YourFLVoice